

**PANGAJARAN NGAINTERPRETASI EUSI TEKS LAPORAN HASIL OBSERVASI  
DUMASAR KANA INTERPRETASI NGANGGE MODEL  
CONTEXSTUAL TEACHING AND LEARNING DI KELAS X  
SMK BINA INSAN BANGSA NGAMPRAH TAUN PALAJARAN 2017/2018**

*ku*  
**Rima Yunita**  
**NIM 135030025**

**RINGKESAN**

*Ngainterpretasi eusi teks laporan hasil observasi tujuana pikeun peserta didik ngajajah kamampuh maca taliti tur tuntas. Masalah anu panulis rumuskeun nyaeta: (1) Tiasa teu panulis ngarencanakeun, ngalaksanakeun, jeung nganilai dina ngainterpretasi eusi teks laporan hasil observasi dumasar kana interpretasi ngangge model contextual teaching and learning di kelas X SMK Bina Insan Ngamprah Bangsa?; (2) Tiasa teu peserta didik kelas X SMK Bina Insan Ngamprah ngainterpretasi eusi téks laporan hasil observasi dumasar kana interpretasi ngangge model contextual teaching and learning di kelas X SMK Bina Insan Ngamprah Bangsa?; sarta (3) Efektif teu model kontekstual teaching and learning digunakeun dina pangajaran ngainterpretasi eusi teks laporan hasil observasi dumasar kana interpretasi di kelas X SMK Bina Insan Ngamprah Bangsa? Panalungtikan ieu ngagaduhan cangreud nyeta. (1) Panulis téh bisa ngarencanakeun, ngalaksanakeun, jeung nganilai dina ngainterpretasi eusi teks laporan hasil observasi dumasar kana interpretasi ngangge model contextual teaching and learning di kelas X SMK Bina Insan Bangsa Ngamprah. Ieu dibuktikeun tina hasil nilai ngarencanakeun nyaeta rata-ratana 3,89 jeung tina hasil ngalaksanakeun pangajaran nyaera rata-ratana 3,71. Hasil saluruhna tina nilai ngarencanakeun sarta ngalaksanakeun pangajaran teh nyaeta 3,80 kalayan kategori nilaina alus teuing. (2) Peserta didik kelas X SMK Bina Insan Bangsa Ngamprah, bisa ngainterpretasi euisi teks laporan hasil observasi dumasar kana interpretasi geus beneur. Ieu bisa dibuktikeun tina nilai kalakuana peserta didik sarta ditilik tina hasil pretés jeung postes. Nilai rata-rata kalakuana teh 3,6 mangrupa kategori alus pisan. Nilai rata-rata pretés nyaéta 45,9 sedengkeun nilai postes rata-ratana nyaeta 77,6. Ku kituna, bédana antara nilai rata-rata pretés jeung postés teh nyaeta 31,8. hasil ieu ngabuktikeun yén kamampuh peserta didik di kelas X TKJ-4 SMK Bina Insan Bangsa Ngamprah geus aya paningkatan. (3) Modél contextual teaching and learning éfektif digunakeun dina pangajaran ngainterpretasi eusi teks laporan hasil observasi dumasar kana interpretasi di kelas X SMK Bina Insan Bangsa Ngamprah. Ieu dibuktikeun tina hasil itungan statistik  $t$  hitung  $>$   $t$  tabél ( $16,7 > 2,06$ ) dina tingkatan kapercayaan 95% sarta dbna teh 25. Ku kituna, modél pangajaran contextual teaching and learning éfektif digunakeun dina pangajaran ngainterpretasi eusi teks laporan hasil observasi dumasar kana interpretasi ka peserta didik kelas X SMK Bina Insan Bangsa Ngamprah.*

*Kecap konci: Maca, Teks Laporan Hasil Observasi sarta Model Contextual Teaching and Learning*